

ENTÈPRÈT

Sizyèm awondisman sikwi jidisyè angaje pou founi entèprèt kalifye ba moun ki pale anglè limite ansanm ak moun ki soud pou elimine tout difikilte komunikasyon ki takab anpeche patisipasyon yo nan pwosesis tribinal nesesè pou asire tout pwosedi ofisyèl ak aksè san pati pri nan tout tribinal yo.

Entèprèt Tribunal Lang Vivan

Sizyèm awondisman sikwi jidisyè ap founi entèprèt pou tout lang ki pale yo ba moun ki pale anglè limite konfòmeman ak Tit VI Lwa Dwa Sivil 1964 la, seksyon 90.606, Lwa Laflorid yo, ansanm ak Règleman 25.60 Règleman La Florid sou koze Administrasyon Jidisyè.

Ya va nonmen entèprèt pou lang vivan yo lè va gen yon enterè fondamantal an je ak lè individi yo pa gen kapasite pou konprann oswa eksprime tèt yo an anglè epi sa ta kab anpeche patisipasyon konplè yo nan yon pwosesdi jidisyè. Ka sa yo enkli, men pa limite a, ka penal, ak ka kriminèl konte, ka delenkans ak depandans jivenil, patènité, manda pa pwoche nan ka vyolans familyal, pwosedi pou sante mantal ak enkapasite, ak nenpòt ki lòt zafè kote tribinal la detèmine ke yon entèprèt ta nesesè.

Ya va nonmen tou entèprèt lang vivan ki kalifye yo pou temwen ki gen konesans anglè ki limite nan nenpòt ki pwosedi pou tout viktim ki gen konesans anglè kilimite nan nenpòt ki ka penal oswa ka kriminèl konte oubyen pwosedi ka delenkans ak depandans jivenil.

Tout demann pou entèprèt lang vivan yo fèt pou bay preyavi omwen 7 jou alavans de dat pwosedi a, nan ka lang egzotik ki mwen komen yo oswa entèpretasyon ki pat pwograme, plis preyavi ta kab nesesè pou fè aranjman pou yon entèprèt kalifye epi tou, yo ta kab itilize sèvis entèprèt a distans.

Pou mande yon entèprèt lang vivan yo, imel:

Pou'w jwenn fòm pou mande tribunal la yon entèprèt. ale sou:

<https://fs30.formsite.com/Pinellas8/Interpreter/index.html>

- Moun ki nan zon Pasco, ekri nou nan: fiscalonypasco@jud6.org
- Moun ki nan zon Pinellas, ekri nou nan: interpreterpinellas@jud6.org

Entèprèt pou Langaj pa siy

An plis, Sizyèm Sikwi jidisyè a founi sèvis entèprèt ak aranjman espesyal rezonab pou tout moun ki soud yo nan tout ka konfòmeman ak seksyon 90.6063, Lwa Florid yo, ansanm ak Lwa pou Ameriken Enfim yo/Americans with Disabilities Act (ADA).

Si w bezwen yon entèprèt langaj pa siy oswa aranjman espesyal, w gendwa a youn gratis. Tout demann pou entèprèt langaj pa siy fèt pou fèt omwen 5 jou anvan randevou a depi li ta posib. Pou mande yon entèprèt langaj siy oswa Aranjman Espesyal ADA, imel:

Pou'w jwenn fòm pou mande tribunal la yon entèprèt. ale sou:

<https://fs30.formsite.com/Pinellas8/ADAResponse/index.html>

- Moun ki nan zon Pasco, ekri nou nan: fiscalonypasco@jud6.org
- Moun ki nan zon Pinellas, ekri nou nan: interpreterpinellas@jud6.org